Konprann Pwosesis Tribinal pou Byennèt Timoun

Yon Gid Etap pa Etap pou Jèn ak Fanmi Refijye ak moun ki fenk vini yo


Gid sa a, ki eksplike etap pa etap sa pou w fè, fèt pou paran, moun k ap bay swen, ak jèn ki pi gran ki se refijye oswa ki fèk rive nan peyi a, epi ki nan sistèm tribinal pou pwoteksyon timoun Etazini yo. Lè Sèvis Pwoteksyon Timoun (CPS) entèvni nan lavi yon fanmi akoz enkyetid konsènan abi oswa neglijans anvè timoun, epi yo louvri yon dosye nan tribinal, pwosesis la ka parèt akablan, fè moun pè, epi gen konfizyon, sitou pou fanmi ki fèk rive Etazini. Gid sa a fèt pou **gide w nan chak etap** pwosesis jidisyè a, tankou **sa pou w atann** ak **delè apwoksimatif pou chak etap.**

Delè ki nan gid sa a se estimasyon jeneral ki baze sou nòm nasyonal yo. Eta kote w ye a ka gen delè diferan. Toujou mande avoka w oswa travayè sosyal CPS ou a sou delè espesifik pou dosye w la.

Si ou se **yon adolesan** nan pwosesis sa a, **ou genyen pwòp dwa pa w tou**. Ou ka asiste odyans ou yo, pale ak jij la sou sa ou vle pou avni w, epi fè yon avoka oswa yon reprezantan pale nan non ou. Mande travayè sosyal ou oswa avoka w ki lòt kalite sipò, tankou plan pou viv endepandan, kapab disponib pou ou pandan w ap grandi.

1 Etap 1: Yo **Depoze** yon Petisyon

Lè w resevwa yon petisyon oswa lè yo fè w konnen yo depoze youn, sa ka parèt toudenkou oswa akablan. Depoze yon petisyon pa vle di ke tribinal la pran yon desizyon final. Pandan tout pwosesis jidisyè a, w ap gen opòtinite pou w konnen sa k ap pase, poze kesyon, bay opinyon w, epi patisipe nan desizyon konsènan dosye a.



Sa pou w atann

Si Sèvis Pwoteksyon Timoun (CPS) kwè yon timoun ap sibi oswa te sibi abi, neglijans, oswa li an danje, epi yon jij dwe entèvni pou pran desizyon legal konsènan fanmi an, CPS depoze yon dokiman yo rele "petisyon" nan tribinal ki okipe zafè timoun oswa zafè fanmi. Petisyon an dekri enkyetid CPS genyen konsènan sekirite pitit ou a. W ap resevwa yon kopi petisyon sa a. Li l avèk anpil atansyon ansanm ak avoka w ak yon entèprèt, paske li esplike pwen espesifik ou pral bezwen adrese yo. Si yo te deja retire pitit ou a lakay ou anvan yo te depoze demann sa a, l ap nan yon plasman tanporè pandan pwosesis tribinal la ap kòmanse. Si yo louvri yon dosye nan tribinal men yo pa retire pitit ou a lakay ou, tribinal la pral siveye fanmi w pandan pitit ou a rete lakay.

Kwonoloji

Anjeneral, CPS depoze demann lan nan yon **delè 24 a 72 èdtan apre yo fin retire yon timoun nan kay la**. Si yo pa retire timoun lan nan kay la, yo ka depoze demann lan nenpòt lè apre CPS fin detèmine ke gen bezwen pou tribinal la patisipe. Delè yo varye selon eta a.

2 Etap 2: **Odyans** Ki Lye **Ak Plasman Oubyen Retrè Ijans**

Odyans sa a fèt sèlman si yo te retire pitit ou a nan kay ou. Si yo pa t retire pitit ou a, dosye w la ap sote etap sa a epi l ap pase dirèkteman nan Etap 3.



Li nòmal pou w santi w nève. Sonje, **ou pa oblije pase nan pwosesis sa a poukont ou**. Ou gen dwa gen yon avoka nan odyans sa a ak nan tout odyans k ap vini apre sa yo.

Sa pou w atann

Odyans sa a se premye odyans nan tribinal pou ka kote yo retire yon timoun nan kay la akoz abi oswa neglijans. Odyans sa a ta pral premye fwa w parèt devan yon jij.

Si CPS te retire pitit ou nan kay la akoz abi, neglijans, oswa lòt enkyetid sou sekirite, jij la pral egzamine si li te nesesè pou retire timoun nan epi deside si pitit ou a ta dwe rete nan yon plasman tanporè (tankou lakay yon fanmi oswa nan yon fanmi akèy) oswa retounen lakay li an sekirite pandan pwosedi a ap kontinye.

Nan odyans sa a, w ap gen yon avoka. Nan pifò eta, si ou pa gen mwayen pou peye yon avoka, tribinal la ap nonmen youn pou ou gratis. Yo rele sa yon avoka tribinal asiye avè w . Jij la ka nonmen tou yon "Guardian ad Litem" (GAL) oswa yon "Avoka Espesyal Ke Tribinal Deziye" (CASA); se yon volontè nan kominote a ki endepandan, epi travay li se defann sa ki pi bon pou pitit ou a, san li pa pran pati ni pou ou ni pou CPS. Eseye pale ak avoka w anvan odyans lan kòmanse, yon fason pou w konnen kisa pou w atann epi pou w ka pataje enfòmasyon enpòtan sou fanmi w.


Ou gen dwa tou pou w gen yon entèprèt gratis. Asire w ou mande youn anvan odyans lan si ou bezwen youn.

Kwonoloji

Odyans sa a dwe fèt trè vit apre yo fin retire yon timoun nan kay la. Nan pifò eta, sa rive nan **espas 24 a 72 èdtan apre yo fin retire l**.

3 Etap 3: **Odyans pou konparèt** oswa **odyans preliminè**

Sa pou w atann



Nan odyans sa a, jij la pral eksplike akizasyon ki nan petisyon an, sa gen ladan l enkyetid CPS fè konnen konsènan abi ak neglijans anvè timoun lan, epi l ap mande w si w dakò oswa si w pa dakò avèk yo. Avoka w ap ba w konsèy sou fason pou w reponn. Ou pa oblije dakò ak tout sa CPS ekri nan petisyon an. Ou ka dakò ak kèk enkyetid epi pa dakò ak lòt, oubyen ou ka mande pou lè pou w revize tout bagay avèk avoka w anvan w reponn.

Se nan odyans sa a tou ke tribinal la kòmanse planifye pwochen etap yo, sa ki gen ladan l fikse yon dat pou pwochen odyans lan. Kontinye travay tèt kole avèk avoka w la nan peryòd ki genyen ant odyans yo, epi sonje, se devwa avoka w la pou l soutni w.

Kwonoloji

Si yo te **retire pitit ou** lakay ou, anjeneral odyans sa a fèt nan yon **delè 1 a 3 semèn apre odyans konsènan plasman oswa retrè ijans lan**.

Si yo pa t retire pitit **ou a lakay** ou, an jeneral, odyans sa a fèt nan espas **1 a 3 semèn apre yo fin depoze demann lan**. Mande avoka w dat egzakt la.

4 Etap 4: **Odyans sou Konpetans** oswa **pou Pran Desizyon Jidisyè**

Sa pou w atann

Pafwa, yo rele odyans sa a odyans "pou rasanble enfòmasyon sou reyalite yo. Nan odyans sa a, jij la pral tande prèv yo epi deside si prèv yo konfime enkyetid CPS te soulve yo.



Li nòmal pou w santi w enkyè. Avoka w ap la pou l soutni w epi pale nan non w.

Atravè avoka w, w ap gen opòtinite pou pataje enfòmasyon epi prezante prèv. Si jij la jwenn ke akizasyon yo se verite, dosye a ap kontinye epi tribinal la ap kontinye patisipe nan zafè fanmi w. Si jij la jije akizasyon yo pa vre, yo ka rejte dosye a epi entèvansyon CPS la ap fini.

Kwonoloji

Nan pifò eta, odyans sa a dwe fèt nan yon **delè 30 jou apre yo fin depoze petisyon** an si yo te retire **timoun lan**, oswa **nan yon delè 60 a 90 jou** apre yo fin depoze petisyon an si yo **pa t retire timoun lan**. Delè yo varye selon eta a.

Sonje ou **dwe onèt avèk avoka w**. Yo bezwen byen konprann sitiyasyon fanmi w pou yo ka byen reprezante w. Menmsi rezilta odyans sa a pa sa w te espere a, pwochen etap la ap ba w opòtinite pou w montre tribinal la sa w ka fè pou pitit ou a.

5 Step 5: **Dispositional Hearing** and **Case Plan**

Sa pou w atann

Si jij la konstate ke akizasyon yo se verite nan Etap 4, tribinal la ap apwouve **yon plan** pou dosye a; se yon lis alekri ki gen ladan l bagay ou dwe fè pou reponn ak enkyetid CPS te soulve yo. Sa ka gen ladan l kou sou fason pou elve timoun, konsèy, sèvis pou ka vyolans domestik, tretman pou abi sibstans, èd pou jwenn lojman, oswa lòt sèvis. Tribinal la pral fikse dat limit pou konplete chak egzijans.

Sa ka varye selon eta a ak plan pou dosye w la – mande avoka w oswa travayè sosyal CPS ou a pou asire w konnen dat limit espesifik pou dosye w la, yon fason pou w ka kòmanse resevwa sèvis yo pi vit posib. Li plan dosye w la avèk atansyon ansanm ak avoka w ak/oswa entèprèt ou pou asire w konprann chak etap, epi poze kesyon si gen yon bagay ki pa klè.

Kwonoloji

Anjeneral, odyans sou desizyon final la fèt ant **30 ak 60 jou apre odyans sou konpetans jiridiksyonèl la**, selon eta a. Nan odyans pou detèmine mezi ki apwopriye yo, tribinal la ka apwouve plan pou dosye a epi etabli sa yo atann pou dosye a.

Li enpòtan pou w **konsève tout dokiman** ki montre w ap patisipe nan sèvis yo mande yo—tankou sètifika, lèt, ak lòt bagay konsa—paske yo montre pwogrè w epi w ap bezwen yo pou pwochen odyans yo. **Si ou rankontre nenpòt obstak** pou w jwenn sèvis yo—tankou pwoblèm transpò, lang, orè travay, oswa pri**—fè travayè sosyal CPS ou a konnen sa touswit**. Yo ka ede w jwenn solisyon. Si yo retire pitit ou a lakay ou, y ap ankouraje w tou pou w kenbe kontak regilye avè l atravè vizit. Li enpòtan pou w **asiste chak vizit**, paske regilarite w enpòtan.

Apre yo fin apwouve plan pou dosye a, an jeneral w ap gen yon delè fikse pou w konplete sèvis ak travay yo mande yo. Dire sa a souvan varye **ant 6 ak 12 mwa**, men li depann de eta a ak sitiyasyon chak moun. Poze avoka w kesyon sou dat limit espesifik ki konsène w yo.

6 Etap 6: **Odyans Evalyasyon** (**Odyans sou Eta Avanman** oswa **Pwogrè**)



Sa pou w atann

Yon fwa plan pou ka w la fin etabli, tribinal la ap òganize odyans regilye pou revize sitiyasyon an epi wè ki jan fanmi w ap mache. Nan chak odyans pou revize dosye a, CPS pral fè jij la konnen ki pwogrè ou fè; sa gen ladan l sèvis ou te patisipe ladan yo, sa ou te konplete, ak nenpòt enkyetid ki rete. W ap gen opòtinite tou pou w pale nan odyans lan epi pataje pwòp pwen de vi pa w. Si gen yon bagay nan rapò CPS la ki pa kòrèk, fè avoka w konnen pou l ka okipe zafè a.

Kwonoloji

Anjeneral, yo fè odyans pou revize dosye a **chak 3 a 6 mwa**, selon eta w ap viv ladan l lan ak etap dosye a rive. Premye odyans revizyon an fèt anjeneral nan yon **delè 6 mwa** apre odyans desizyon final la.

Li emnpòtan pou w ale **nan chak odyans,** paske si w rate yon odyans, sa ka gen yon move enpak sou dosye w la. **Pote nenpòt dokiman ki montre pwogrè** ou nan chak odyans: sètifika fini fòmasyon, dosye prezans, lèt ki soti nan men founisè sèvis yo, oswa nenpòt lòt dokiman. Profite tan ki genyen ant odyans yo pou w **konplete sèvis yo, kenbe kontak ak pitit ou a,** epi **bati estabilite fanmi w bezwen an.** Si pitit ou a ap viv deyò lakay ou epi ou vle mande pou w gen plis tan pou w wè l oswa pou w fè chanjman nan aranjman kote l ap viv la, asire w ou pale ak avoka w sou sa.

7 Etap 7: **Odyans sou Estati Pèmanan an**

Sa pou w atann

Odyans sou pèmanans lan se youn nan odyans ki pi enpòtan nan tout dosye a. Jij la pral egzamine pwogrè ou epi l ap deside sou yon "plan estabilite pèmanan" pou pitit ou a. Si w te respekte plan pou dosye w la, objektif odyans sa a se reyinifikasyon; sa vle di pitit ou a ta ka retounen lakay pou l vin viv avèk ou pou toutan.

Tribinal la ka konsidere plan pou estabilite pèmanan, tankou:

- **Reyinifikasyon** avèk yon paran oswa yon gadyen
- **Titè legal pèmanan oswa** gad **legal** pa yon fanmi, yon pwòch, oswa yon moun k ap pran swen yon fanmi pwòch (sa kenbe dwa paran ou yo entak epi yo konsidere li tou si reyinifikasyon an pa posib)
- **Adopsyon** pa yon nouvo fanmi ki enplike revokasyon legal dwa paran yo (si reyinifikasyon pa posib); oswa, pou jèn ki pi gran yo lè lòt opsyon pa apwopriye.
- Pou jèn ki pi gran yo, yon aranjman planifye pou **yo viv poukont yo** avèk sipò kontinyèl



Kwonoloji

Nan pifò eta, premye odyans sou estabilite pèmanan pou timoun nan dwe fèt **nan yon delè 12 mwa apre yo fin retire** timoun lan nan kay la, oswa **nan yon delè 12 mwa apre yo fin louvri dosye a si yo pa t retire timoun lan**. Apre premye odyans sou estabilite a, odyans sou estabilite yo kontinye chak 6 a 12 mwa jiskaske dosye a rezoud.

Li enpòtan pou sonje **tribinal la bay reyinifikasyon priyorite lè sa an sekirite**. Efò konstan ou fè, lefètke ou asiste randevou pou w wè pitit ou a, epi lefètke ou fini sèvis yo, se faktè ki pi enpòtan jij la pral pran an konsiderasyon. Pote tout bagay ki montre pwogrè ou, epi vini tou prepare avèk avoka w. Si gen travay nan plan pou dosye w la ou poko fini, pale ak avoka w sou fason pou w montre tribinal la angajman w ak plan w. Si pitit ou a pi gran, yo ka mande l tou sa li vle, epi jij la ap pran volonte l an konsiderasyon.

8 Etap 8: Dosye a Fèmen — **Reyinifikasyon** oswa **Yon Lòt Plan Pèmanan**

Sa pou w atann

Lè jij la deside pitit ou a an sekirite epi fanmi w gen yon plan ki estab an plas, tribinal la ap fèmen dosye a. Si ou fin egzekite plan pou dosye w la epi jij la deside pitit ou a ka retounen lakay an sekirite, y ap fè w reyini ak pitit la epi y ap fèmen dosye a. Sa a se objektif tout pwosesis la t ap travay pou l atenn.

Apre dosye w la fin fèmen, kontinye nenpòt sèvis k ap ede fanmi w. Asire w ou kontinye **satisfè bezwen pitit ou a** epi **bay yon anviwònman lakay ki an sekirite, ki bon pou sante, e ki favorize bon devlopman**.

Si dosye w la fèmen avèk yon lòt aranjman pèmanan, tankou lè yon fanmi pran responsablite legal pou timoun nan (kinship guardianship) oswa adopsyon, tribinal la pral eksplike kisa sa vle di pou fanmi w alavni. Si ou pa dakò ak desizyon final tribinal la, pale ak avoka w pou w konnen si ou gen dwa fè apèl. Ou gen dwa mande sèvis sipò apre yon dosye fin regle, menm apre dosye a fin fèmen. Mande travayè sosyal CPS ou oswa founisè sèvis reyenstalasyon w lan ki lòt kalite sipò ki disponib pou fanmi w.



Kwonoloji

Yo ka fèmen dosye a nenpòt lè yon fwa tribinal la deside gen yon plan ki an sekirite epi ki pèmanan pou pitit ou a—kit se reyinifikasyon fanmi an, kit se yon lòt kalite aranjman pèmanan si yo pa t rive reyalize objektif ki te nan plan an.Anpil ka rezoud **nan yon delè 12 a 18 mwa**, byenke sa depann de eta a, konpleksite ka a, ak pwogrè fanmi an.

Mo ak fraz ou ka tande nan tribinal pou pwoteksyon timoun

Mande entèprèt ou oswa avoka w pou l esplike w nenpòt mo oswa fraz ou pa konprann.
Ou toujou gen dwa sa a.

Tribinal pou Pwoteksyon Timoun / Tribinal Fanmi	Tribinal espesyal ki okipe dosye kote gen enkyetid konsènan sekirite yon timoun. Sa a se pa yon tribinal kriminèl. Lè w enplike nan yon ka nan tribinal pou pwoteksyon timoun oswa zafè fanmi, sa pa vle di ou se yon kriminèl oswa yon move paran.
Petisyon	Yon dokiman CPS depoze ki lanse pwosedi jidisyè a ofisyèlman. Li bay lis enkyetid CPS genyen konsènan sekirite pitit ou a. W ap resevwa yon kopi.
Plan pou Dosye a	Yon lis etap alekri ou dwe swiv pou w ka montre tribinal la pitit ou an sekirite lakay avèk ou. Konsidere l kòm yon gid pou w retounen jwenn pitit ou a.
Odyans	Yon reyinyon nan tribinal kote yon jij koute enfòmasyon epi pran desizyon. Ou gen dwa patisipe epi pale nan chak odyans.
Reyinifikasyon	Objektif pou fè pitit ou tounen vin viv avèk ou lakay. Sa a se priyorite tribinal la lè kondisyon yo an sekirite.
Swen pa fanmi	Lè yo mete pitit ou a lakay yon fanmi, oswa lakay yon manm fanmi oswa kominote a ou fè konfyans, pandan dosye a toujou louvri. Sa a toujou opsyon an premye anvan plasman nan fanmi akeyan.
Plasman nan fanmi akèy	Yon aranjman tanporè pou pitit ou a viv avèk yon fanmi akèy ki gen lisans, pandan dosye w la ap trete. Sa a sipoze tanporè.
Plan pou Estabilite Pèmanan	Plan alontèm tribinal la pou avni pitit ou a. Reyinifikasyon se premye objektif la. Si sa pa posib, lòt opsyon yo gen ladan l pran responsablite legal pou timoun lan pa yon manm fanmi oswa nan adopsyon.
Avoka Tribinal la Asiyen	Yon avoka yo asiyen pou pwoteje dwa w san sa pa koute w anyen. Toujou pale ak avoka w anvan ak apre odyans yo.
Gadyen ad Litem (GAL) ak Defansè Espesyal Tribinal la Deziyen (CASA)	Yon volontè tribinal la nonmen pou reprezante sa ki pi bon pou pitit ou a, yon moun ki endepandan de avoka w ak de CPS.
Entèprèt	Yon moun ki tradui odyans lan nan lang ou. Ou gen dwa jwenn youn gratis – toujou mande youn pi bonè posib.

Enfòmasyon Enpòtan pou Fanmi Refijye ak Nouvo Arivan yo

1 Imigrasyon ak Dosye Ou

Si ou gen yon avoka espesyalize nan zafè imigrasyon, fè l konnen osijè entèvansyon CPS nan zafè fanmi w lan pi vit posib, yon fason pou l ka ba w konsèy epi asire dwa w yo pwoteje. Sonje byen, **yo pa dwe janm pataje enfòmasyon pèsonèl ou ak ajans imigrasyon** oswa lòt òganizasyon san pèmisyon ou.

2 Dwa ou genyen pou w gen yon entèprèt

Ou gen **dwa gen yon entèprèt pwofesyonèl** nan chak odyans nan tribinal, san sa pa koute w anyen. Pa janm sèvi ak yon manm fanmi oswa yon timoun pou fè entèpretasyon nan tribinal. Toujou mande yon entèprèt anvan odyans lan.

3 Diferans Kiltirèl

Gen kèk pratik nan fason moun leve timoun ki nòmal nan peyi w, men moun ka wè yo yon lòt jan isit la. Sa **pa vle di ou se yon move paran**. Travayè sosyal oswa avoka ki responsab dosye reyenstalasyon w lan ka ede eksplike tribinal la orijin kiltirèl ou ak kontèks sitiyasyon w lan.

4 Sipò kominotè

Ou **ka mennen yon manm fanmi oswa yon manm kominote w fè konfyans avè w nan tribinal** pou sipò emosyonèl. Yo pa ka pale nan non w nan tribinal, men yo gen dwa prezan.

5 Dwa ou genyen pou w konprann

Ou gen **dwa konprann tout sa k ap pase nan dosye w la**. Si gen yon bagay ki pa klè, mande avoka w — avèk èd entèprèt ou si sa nesesè — pou l esplike l ankò.

6 Si w pè mande èd

Lè w ap fè fas ak ajans gouvènman yo, sa ka fè w pè, sitou si otorite yo te deja fè w mal nan tan pase. Sonje ke **ajans byennèt timoun nan Etazini yo separe ak sèvis ki aplike lwa sou imigrasyon yo**, epi yo ankouraje w mande èd pou asire w konprann dosye w la ak sa pou w atann.

Gid sa a fèt pou bay enfòmasyon jeneral sèlman, epi li pa reprezante konsèy legal. Toujou pale ak avoka w sou ka espesifik ou a. Delè ki endike nan gid sa a se estimasyon jeneral, epi yo varye selon eta a.

Pwodiksyon materyèl sa a te jwenn sipò nan men Sibvansyon #90RB0054 ki soti nan Administrasyon pou Timoun ak Fanmi (ACF). Kontni ki ladan yo se responsablite Komite Ameriken pou Refijye ak Imigran (USCRI) sèlman epi li pa nesesèman reprezante opinyon ofisyèl ACF la.